


WÈ KI WOUT W AP FÈ POU YON PI BON SANTE



Etap 1: Mete Sante Ou Nan Premye Plas

- Ret an sante enpòtan pou ou ak pou fanmi w.
- Kenbe yon vi ki an sante nan kay, nan travay, ak nan kominate a.
- Jwenn tès depistaj yo epi jere maladi kwonik yo.
- Kenbe tout enfòmasyon sou sante ou nan yon sèl plas.

Etap 2: Konprann kouverti medikal ou a

- Verifye ak plan sante w la pou w wè ki sèvis yo kouvri (li ka nan manyèl oswa sou sit entènèt plan w lan).
- Konnen depans ou yo (prim yo, kopèman yo, dediktib yo, koasirans yo).
- Konnen diferans ant swen nan rezo ak andeyò rezo.

Etap 3: Konn kote pou Ale pou swen

- Sèvi ak depatman ijans lan pou ijans ak sitiyasyon ki menase lavi yo.
- Swen prensipal yo preferab lè se pa yon ijans oswa yon sitiyasyon ki menase lavi.
- Konnen diferans ki genyen ant swen prensipal ak swen ijans.

Etap 4: Jwenn yon founisè

- Jwenn yon founisè swen prensipal ki aksepte kouverti ou a.
- Verifye lis founisè plan w lan.
- Mande moun ou fè konfyans ki moun ki founisè yo. Ou ka fè rechèch tou sou entènèt.
- Si yo te ba w yon founisè, kontakte plan w lan si w vle chanje.

Etap 5: Pran yon randevou

- Di yo si ou se yon nouvo pasyan oswa si ou te la dejá.
- Bay non plan sante w la. Mande si yo pran asirans ou an.
- Di yo non founisè ou vle wè a epi poukisa ou vle pran yon randevou.
- Mande pou jou oswa lè k ap bon pou ou a.
- Mande kisa w ap bezwen pote pou randevou a.

Etap 6: Prepare w pou vizit ou a

- Gen kat asirans ou avèk ou.
- Konnen istwa sante ou, tankou maladi grav oswa blesi anvan yo ak lè yo te rive, nenpòt alèji ou fè ak medikaman, ak vaksen ki sot pase yo, ak istwa sante fanmi an.
- Fè yon lis tout medikaman w ap pran yo.
- Pote yon lis kesyon ak bagay pou diskite epi pran nòt pandan vizit ou a.
- Mache ak yon moun ki pou ede w si ou bezwen sa.

Etap 8: Pwochen Etap apre Randevou w la

- Suiv entrikson founisè w la.
- Egzekite tout preskripsyon yo te ba w yo. Pran yo jan yo te endike w sa.
- Pwograme yon vizit suivi si w bezwen youn.
- Revize Eksplikasyon Avantaj ou yo pou asire w ke li kòrèk.
- Peye fakti swen sante w yo.
- Kontakte founisè w la oswa plan sante w la pou nenpòt kesyon.

Etap 7: Deside Si Founisè a Bon pou Ou

- Èske w te santi w alèz ak founisè w te wè a?
- Èske ou te kapab konprann founisè ou a? Èske founisè w la te konprann ou?
- Èske w te santi ke ou menm ak founisè w la te kapab pran desizyon ansanm?
- Sonje byen: ou ka chanje founisè!

Si ou vle chanje founisè, retounen nan Etap 4.